

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Niténan kamekaran jaman kiwari, karéréana masarakat boga anggapan yén drama téh ngan ukur hiji pintonan nu biasa dipagelarkeun di panggung atawa média, hususna televisi. Padahal nurutkeun Hasanudin (1996: 1) drama minangka salasahiji génré sastra modérn anu miboga dua diménsi karakter, nyaéta salaku génré sastra jeung seni lakon.

Pangna aya dua dimensi téh, lantaran dina drama mah aya unsur carita jeung unsur pintonana. Luyu jeung pamanggih Iskandarwassid (1996: 33), anu nétélakeun yén drama téh nyaéta karangan sastra anu midangkeun carita atawa lalakon ku dialog, diajangkeun pikeun dilakonkeun ku para pamaén (aktor) dina pagelaran atawa pintonan. Jadi, écés pisan yén drama ogé minangka génré sastra, teu béda jeung carpon atawa novel, anu sarua bisa dilenyepan. Sok sanajan anu jadi udagan ahir dina drama nyaéta dipintonkeun atawa dipagelarkeun.

Di Jawa Barat aya rupa-rupa jenis drama Sunda, diantarana longsér, topéng banjét, sandiwara, ubrug, uyeg, jeung gending karesmén. Husus pikeun gending karesmén, ieu pagelaran téh miboga bentuk anu béda tina drama séjénna, utamana dina lebah ngungkarakeun dialogna ku cara dihaleuangkeun.

Minangka pagelaran, gending karesmén téh sok ilahar disebut pagelaran kolosal. Ari nu jadi sabab lantaran diwangun ku sawatara seni lianna. Cohagna mah gending karesmén téh teu bisa dilésotkeun tina wangun seni liana, kayaning seni sora, seni musik, seni rupa, seni pertunjukan, seni peran, seni tari, jeung seni sastra. Nurutkeun Sopandi (1994: 141) dina pagelaran gending karesmén sakabéh pamaén ngungkarakeun dialogna ku cara dihaleuangkeun (sekarang) anu nyoko kana kawih jeung tembang, bari dipirig ku karawitan gumantung kana kabutuhan jeung téks carita anu rék dipagelarkeun. Upamana lamun nyokot lakon anu sumberna dina carita pantun jeung legenda, alat nu dipaké nyaéta gamelan pelog atawa saléndro. Dina segi pertunjukan, pidangan gending karesmén ogé teu béda jeung wangun drama séjénna anu aya properti jeung latar nu dipaké pikeun

ngarojong suasana lakon. Tangtu éta properti kudu dipulas jeung dipapaés sangkan nyurup jeung latar, ieu hal minangka wawakil ti seni rupa. Para pamaén ogé dina panggung kudu ngajiwaan carita, kumaha lamun suasana sedih atawa suka, atawa keur ketir, lebah dieu perluna seni peran. Lakon atawa téks caritana dina pagelaran gending karesmén minangka wawakil tina seni sastra anu wangunna prosa liris. Dina ieu panalungtikan nu dipedar téh perkara seni sastrana, nyaéta naskah carita atawa téks lakonna.

Dipilihna seni sastra dina ieu panalungtikan téh, lantaran karya sastra minangka eunteung tina kahirupan masarakat anu diréfléksikeun ku pangarang dina wangun karangan anu sipatna imajinatif tur miboga mangpaat keur nu macana. Kitu deui naskah gending karesmén, tangtu moal lésot tina ajén-inajén anu méré muatan positif. Lantaran éta ogé para pamaén atawa aktor téh perlu ngaguar sacara teleb eusi naskah saméméh magelarkeun gending karesmén, tujuanna sangkan pamaén nyangkem maksud jeung tujuan pangarang katut bisa nepikeun ajén-inajén anu aya dina naskahna ka masarakat. Teu ukur dina pagelaran, sanggeus diguar mah naskah gending karesmén bisa dimangpaatkeun pikeun kapentingan atikan, hususna atikan karakter.

Nurutkeun Koesoema (2007:114), sacara psikologis jeung sosial kultural ngawangun karakter dina diri individu mangrupa fungsi tina sakabéh poténsi individu manusa (kognitif, afektif, jeung psikomotorik) dina kontéks interaksi sosial kultural (dina kulawarga, atikan, jeung masarakat) nu lumangsung salilana. Implementasi tina lumangsungna atikan karakter minangka upaya ngaronjatkeun kasaluyuan jeung mutu atikan. Opat hal nu dijadikeun rujukan dina lumangsungna atikan karakter nyaéta:

- 1) olah haté atawa *qolbu* (*spiritual and emotional development*), mekarkeun asét nu aya patalina jeung ajén agama (*ketuhanan, habluminallah*) sangkan bisa gawé jeung ngalakukeun sagala hal kalawan ihlas;
- 2) olah rasa atawa karsa (*affective and creativity develomment*), mekarkeun asét nu aya patalina jeung sasama manusa (*hablumminanas*), sangkan mampuh hirup sauyunan jeung sasama;

- 3) olah pikir atawa dzikir (*intellectual development*), mekarkeun asét nu aya patalina jeung akal, sangkan bisa mikir anu hadé jeung calakan; jeung
- 4) olah raga jeung *kinestetik* (*physical and kinesthetic development*), mekarkeun asét fisik pikeun salawasna séhat jeung mampu gawé nu hadé.

Lumangsungna atikan karakter jadi tanggung jawab sakabéh élemén bangsa, kaasup para pamaén dina gending karesmén. Ajén-inajén anu ditepikeun ngaliwatan naskah gending karesmén jeung pagelaranana bisa jadi sarana *pembudayaan* jeung *pemanusiaan*.

Teu béda jeung wangun sastra séjénna, naskah gending karesmén diwangun ku struktur carita, boh téma boh palakuna. Naskah gending karesmén ogé mangrupa medium pikeun nepikeun ajén atikan karakter anu mibanda unsur imajinatif tur pinuh ku ajén éstétik. Ajén atikan karakter tangtu nyangkaruk dina lalampahan palaku anu polah jeung ucap sasat jadi eunteung keur nu maca, sabab palaku dina karya sastra minangka réfléksi tina kahirupan nyata anu diolah ku sastrawan kalayan tapis.

Salasahiji sastrawan anu ancub kana gending karesmén nyaéta Wahyu Wibisana anu mindeng nyieunan téks gending karesmén. Lian ti nulis téks caritana, Wahyu Wibisana ogé nyutradaan gending karesmén kalayan gawé bareng jeung seniman-seniman Sunda sohor lianna kayaning Mang Koko, R.T.A Sunarya, Enoch Atmadibrata, jeung Entjar Tjarmedi. Naskah-naskah gending karesmén meunang Wahyu Wibisana anu kungsi dipagelarkeun nyaéta *Mundinglaya Saba Langit* (1962), *Inten Déwata* (1963), *Galunggung Ngadeg Tumenggung* (1964), *Si Kabayan* (1963), *Si Kabayan jeung Raja Jimbul* (1964), *Isukan Raja Rék Mulang* (1965-1966), *Aki Nini Balangantrang* (1967) (Natapraja, 2003: 219-215). Naskah gending karesmén meunang Wahyu Wibisana ogé kaasup inovatif, lantaran lakonna teu ukur ngadaptasi tina wawacan jeung carita pantun, tapi dina dongéng kayaning Si Kabayan jeung Si Kabayan jeung Raja Jimbul (Natapraja, 2003: 223). Dina naskah Si Kabayan jeung Raja Jimbul, euyeub ku ajén atikan karakter anu digambarkeun ku karakter palakuna. Ku kituna, sakabéh palakuna perelu diteuleuman leuwih jero deui lebah psikologisna, sabab jalan pikiran tokoh minangka réfléksi dina manusa nyata silih pakait jeung laku-

lampahna. Salasahiji contona nyaéta Kabayan, tokoh anu geus teu bireuk deui ku mahiwalna jeung kalakuanana anu pikaseurieun. Kabayan sok digambarkeun minangka tokoh anu kedul, malarat, jeung pikakeuheuleun. Tapi dina carita séjénna, Kabayan bisa digambarkeun salaku palaku anu cerdas, rikat, jeung loba akalna (Soemardjo, 2014: 25). Gambaran tokoh kawas kitu perelu diguar kalayan gembleng dumasar kana aspék psikisna. Sangkan teu nimbulkeun pamahaman psikologis anu heureut, perelu dipaluruh naon nu jadi cukang lantaran hiji tokoh ngalakukeun polah kawas kitu? Kumaha patalina polah hiji tokoh jeung tokoh nu séjénna? (Endraswara, 2007: 12). Hiji palaku dipeunteun teu ukur dina data téksna, tapi kudu nyosok kana alam métafisikana, kakara bisa dicangkem ajén-ajénna (Endraswara, 2007: 86). Ulikan psikologi sastra cocog pikeun ngadéskripsikeun karakter-karakter palaku katut ngaguar metafisika tokoh-tokoh anu aya dina naskah “Si Kabayan jeung Raja Jimbul” pikeun meunangkeun ajén atikan karakter.

Aya sawatara panalungtikan ngeunaan Si Kabayan, anu panganyarna nyaéta buku karya Jakob Sumardjo anu judulna *Paradoks Cerita-cerita Si Kabayan* (2014). Tina ieu buku, dipedar kahirupan Si Kabayan disawang tina paradoksna atawa sabalikna. Dina karya ilmiah ogé, aya sababaraha urang anu nalungtik carita Kabayan di antarana Memen Durachman judulna *Pendidikan Karakter melalui cerita-cerita jenaka Si Kabayan* (tésis) anu medar yén carita Si Kabayan anu pikaseurieun téh tétéla aya ajén atikan karakterna. Panalungtikan satuluyna dilakukeun ku Budi Setia Budiman anu judulna *Dongéng Si Kabayan dina Kahirupan Masarakat Sunda (Tilikan Watek jeung Falsafah Hirup)*(tésis) anu medar watek jeung falsafah hirup Si Kabayan dina nyanghareupan kahirupan. Eta panalungtikan téh objékna dongéng. Anu nalungtik Si Kabayan dina naskah gending karesmén sacara psikologis tokohna mah acan kapaluruh. Ku kituna, ieu panalungtikan perelu dilaksanakeun, sarta dijudulan “Ajén Atikan Karakter dina Naskah Gending Karesmén Si Kabayan jeung Raja Jimbul Karya Wahyu Wibisana (Ulikan Struktur & Psikologi Sastra)”.

1.2 Rumusan Masalah

Gending karesmén minangka gabungan tina sababaraha kasenian, kayaning seni sastra, seni musik, seni téater, seni tari jeung seni rupa. Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesanan dina seni sastrana kalayan naskah lakon atawa téksna anu jadi objék.

Naskah gending karesmén *Si Kabayan jeung Raja Jimbul* diulik sacara strukturna, anu nyoko kana struktur naratif, struktur dramatik jeung aspék psikologisna. Struktur naratifna ngawengku téma, fakta carita (tokoh, setting, alur), jeung sarana sastra (puseur implengan jeung gaya basa). Sedengkeun struktur dramatikna ngawengku prolog, dialog, pembabakan, adegan, wawancang, solilokui, aside, jeung epilog. Aspék psikologis dina ieu panalungtikan dumasar tiori Abraham Maslow anu nyoko kana pangabutuh dasar manusa (pangabutuh fisiologis, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana rasa mibanda-dipibanda, pangabutuh kana pangajén, pangabutuh kana aktualisasi diri) pikeun meunangkeun ajén atikan karakter.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu nyusun ngarumuskeun masalah saperti ieu di handap:

- a. Kumaha struktur naratif anu ngawengku téma, fakta carita (tokoh, setting, alur), jeung sarana sastra (puseur implengan, gaya basa), struktur dramatik (prolog, dialog, pembabakan adegan, *wawancang*, *solilokui*, *aside*, epilog), jeung sastra lagu dina naskah *Si Kabayan jeung Raja Jimbul*?
- b. Kumaha aspék psikologis tokoh-tokoh dina naskah gending karesmén *Si Kabayan jeung Raja Jimbul* ?
- c. Naon waé ajén atikan karakter anu aya dina naskah gending karesmén *Si Kabayan jeung Raja Jimbul*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu ngawengku tujuan husus jeung tujuan umum. Tujuan umumna nyaéta pikeun ngaguar jeung ngadéskripsikeun ajén-ajén atikan karakter anu aya dina naskah gending karesmén “Si Kabayan jeung raja Jimbul”

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- a. Struktur naratif anu ngawengku téma, fakta carita (tokoh, setting, alur), jeung sarana sastra (puseur implengan, gaya basa), tuluy struktur dramatik (prolog, dialog, pembabakan adegan, wawancang, solilokui, aside, epilog) katut sastra lagu anu aya dina naskah gending karesmén “Si Kabayan jeung Raja Jimbul”.
- b. Aspék psikologis tokoh-tokoh anu aya dina naskah gending karesmén “Si Kabayan jeung Raja Jimbul”.
- c. Ajén atikan karakter dina tokoh-tokoh naskah gending karesmén “Si Kabayan jeung Raja Jimbul”.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat téoritis

Sacara teoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran deui élmu pangaweruh ngeunaan sastra jeung drama, hususna gending karesmén. Lian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat kana dunya atikan.

1.4.2 Mangpaat praktis

Lian ti mangpaat tioritis, ieu panalungtikan ogé boga mangpaat praktis saperti ieu di handap.

1) Pikeun para seniman drama

Ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun leuwih neuleuman deui téks drama, disawang lebah penafsiran téks saméméh dipagelarkeun.

2) Pikeun Sakola

Ieu panalungtikan bisa jadi salasahiji bahan alternatif dina nerapkeun ajén atikan karakter di sakola.

3) Pikeun para akademisi

Pikeun para akademisi, lian ti leuwih ngajembaran deui élmu kasusastraan, ieu panalungtikan ogé bisa ngeuyeuban katut pangdeudeul dina enggoning ngamekarkeun atikan karakter.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan ngawengku lima bab, saperti dipidangkeun ieu di handap.

Bab I Bubuka anu ngawengku kasang tukang pasualan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan husus jeung tujuan umum, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Kajian Tiori anu ngawengku tiori ngeunaan drama, gending karesmén, psikologi sastra, jeung atikan karakter.

Bab III Méthode Panalungtikan anu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, léngkah-léngkah panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan anu ngawengku hasil analisis struktur drama, aspék psikologis, jeung déskripsi ajén atikan karakter dina tokoh.

Bab V Kacindekan jeung Saran